



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 15 MILYON DOLA NAN ASISTANS POU  
KLIMATIZASYON POU NOUYÒKÈ KI VILNERAB YO**

*Inite klimatizasyon yo disponib pou moun ki sansib a efè chalè ekstrèm ak imidite*

*Aplikasyon pou asistans nan klimatizasyon yo aksepte apati 1 me*

*Pwogram nan te sèvi plis pase 54,000 fanmi ki gen revni ba pandan senk ane  
pase yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 15 milyon dola disponib atravè Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) la pou ede Nouyòkè ki gen revni ba yo ki pa gen klimatizè pou yo rete fre pandan chalè mwa ete a. Pwogram lan, ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la sipèvize, bay klimatizè pou fanmi ki kalifye yo ki gen yon pwoblèm medikal ki jistifye ke chalè ekstrèm ka agrave oswa fanmi ki gen timoun piti oswa granmoun aje.

"Pwogram asistans nan klimatizasyon an se yon eleman vital pou anpil fanmi New York ki souvan fè fas a depans klimatizasyon ki chè anpil lè tanperati yo monte obligatwaman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan tanperati yo ap monte atravè eta a, nou pran angajman pou asire fanmi ki gen revni ba ak moun ki defavorize yo gen mwayen pou yo rete an sekirite, konfòtab ak fre nan pwòp kay yo".

Pou kalifye pou pwogram gouvènman federal la finanse, aplikan yo dwe reponn ak kritè elijibilite HEAP ak limit revni yo, ki varye selon kantite moun ki gen nan kay la epi dwe gen omwen yon manm nan fanmi an ki soufri yon pwoblèm medikal ki vin pi grav akòz chalè ekstrèm oswa ki gen mwens pase 6 ane oswa plis pase 60 ane. Pa egzanp, yon fanmi ki gen kat moun kapab touche jiska 65,829 dola pa ane, oswa 5,485 dola pa mwa, epi yo ka toujou kalifye pou yo resevwa asistans lan.

Pwogram lan kouvri depans yon inite klimatizè ak enstalasyon li. Yo prevwa sèvi jiska 18,500 kay nan tout eta a.

Yo aksepte aplikasyon pou asistans nan klimatizasyon apati lendi 1 me jiska 31 out, oswa jiskaske finansman an fini. Yo pral bay asistans yo sou yon baz premye vini yo se ap premye sèvi.

Rezidan ki andeyò Vil New York yo ka aplike lè yo kontakte [depatman sèvis sosyal lokal yo](#) pa telefòn oswa an pèsòn. Rezidan Vil New York yo ka aplike an pèsòn nan yon Sant Aksè Benefis HRA lokal, pa telefòn, oswa sou entènèt nan [access.nyc.gov](#).

Ane pase a, pou premye fwa, yo te elaji elijibilite pou asistans nan klimatisasyon lè yo te abandone egzijans medikal la epi plis pase 23,500 kay te resevwa asistans. Yo te ajiste kondisyon elijibilite yo ankò ane sa a pou priorize sèvi fanmi ki pi vilnerab yo - sa yo ki gen ladan yon moun ki gen yon pwoblèm medikal ki vin pi grav akòz chalè, oswa timoun piti, oswa granmoun aje.

Plis pase 54,000 fanmi nan tout New York te jwenn asistans nan klimatisasyon pandan senk ane pase yo.

**Komisè Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Tan ki ekstrèmman cho ak imid ka mete kèk nan Nouyòkè parèy nou ki pi vilnerab yo, tankou moun ki gen pwoblèm medikal, granmoun aje ak timoun piti, an danje grav. Nou ankouraje nenpòt moun ki ka elijib pou yo aplike pou asistans ki ka sove lavi sa a pi vit posib".

**Direktè pa Enterim Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare,** "Chalè ekstrèm poze yon gwo risk sante ak sekirite pou granmoun aje, espesyalman moun ki gen pwoblèm sante kwonik. Klimatizè yo ka yon mwayen sekou pandan vag chalè ki deplizanpli komen yo. Mwen ankouraje tout granmoun aje ki elijib ki nan bezwen pou aplike pou benefis asistans nan klimatisasyon HEAP la pou prepare yo pou mwa ete k ap vini yo. Biwo lokal pou moun aje yo pare kòm yon resous pou ede granmoun aje nan pwosesis aplikasyon an".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Avèk tanperati yo k ap monte, asire Ameriken yo rete an sekirite ak fre se yon bagay esansyèl. Mwen fyè de travay mwen pou jwenn lajan federal sa yo, ranfòse HEAP, epi asire fanmi yo kapab peye bòdwo enèji lakay yo. Mwen ankouraje Nouyòkè ki elijib yo pou yo aplike pou pwogram enpòtan sa a epi pou yo rete fre pandan ete sa a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418